# I A - TOPAR ELEMENTLERIN OQÍTÍWDA KLASTER METODÍNAN PAYDALANÍW

**L.Aymurzaeva** – *texnika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*
**H.Aytbaeva** – *talaba*
**A.Kudaybergenova –** *assistent oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar**: kriolit, galit, glauber duzı, klaster, petalit.
**Ключевые слова:** криолит, галит, глауберовый соль, кластер, петалит.
**Key words:** cryolite, halite, glauber's salt, cluster, petalite.

**Kirisiw.** Jáhánde bilimniń rawajlanıwın támiyinlewshi tiykarǵı faktor sıpatında, 2030-jılǵa shekem belgilep alınǵan bilim konsepciyasında «Pútkil ómir dawamında sapalı bilim alıwǵa imkaniyat jaratıw» áhmiyetli wazıypa etip belgilengen. Bul bolsa, óz gezeginde hám pándi, hám shet tilin, hám zamanagóy xabar texnologiyaların tereń biletuǵın hám onı tájiriybede qollana alatuǵın ximiya oqıtıwshıların tayarlawǵa qaratılǵanlıǵı menen áhmiyetke iye. Sol sebepli joqarı oqıw orınlarında oqıtıwdıń zamanagóy usıllarınan paydalanıwdı jolǵa qoyıw, bolajaq kásip iyelerin kásipke tayarlawda innovaciyalıq hám xabar texnologiyaların sabaq procesine paydalanıwdı talap qılmaqta [2].

Respublikamızda ilim-texnika hám texnologiyalardı rawajlandırıw hám jáhán talaplarına juwap beretuǵın tájiriybeli kadrlar tayarlaw sistemasın qáliplestiriw hám de oqıtıwda innovaciyalıq bilim texnologiyaların qollanıw ayrıqsha aytıp ótilgen. Sonday aq, joqarı oqıw orınlarında ximiya pánlerin oqıtıwda elektron bilim resurslarınan paydalanıwdıń texnologiyaların islep shıǵıw arqalı bilim alıwshılarda kásiplik bilim, kónlikpe hám tájiriybelerin xalıqaralıq standartlar dárejesinde tolıq qáliplestiriwdiń ilimiy tiykarlanǵan dizimin jaratıw hám de erkin bilimdi rawajlandırıwdı talap qıladı.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 12-avgusttaǵı "Ximiya hám biologiya baǵdarlarında úzliksiz bilim sapasın hám ilim-pán nátiyjeliligin asırıw ilajları haqqında"ǵı PQ-4805-sanlı qararına tiykarlanıp ximiya hám biologiya pánleri boyınsha bilim beriw sapasın arttırıw, ulıwma bilim beriw mekteplerinde bul pánlerdi oqıtıwdıń jańa dizimin engiziw, bilimlendiriw mekemelerin zamanagóy laboratoriyalar, sabaqlıqlar hám basqa oqıw úskeneleri menen támiyinlew, bul baǵdarlarda qánigeli oqıtıwshılardı tartıw, kadrlar tayarlaw hám ilim-pán nátiyjelerinen paydalanıwda bilim, ilim-pán hám islep shıǵarıw tarawları ortasında óz ara jaqın sáwbet hám birge islesiwdi jolǵa qoyıw maqset etip alınǵan. Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministrligi – ulıwma bilim beriw mekemelerinde ximiya hám biologiya pánlerin oqıtıw sapasın arttırıw, aymaqlarda bul pánlerge qánigelestirilgen mektepler iskerligin rawajlandırıw hám de jańa tayanısh qánigelestirilgen mektepler hám qánigelestirilgen mekteplerdi shólkemlestiriw názerde tutılǵan [1].

Ózbekstan Respublikasınıń «Ózbekstan Respublikası joqarı bilimlendiriw sistemasın 2030-jılǵa shekem rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw haqqında»ǵı PP-5847 sanlı pármanı negizinde, Pedagogikalıq bilim sapasın arttırıw hám pedagog kadrlar tayarlawshı joqarı oqıw orınların dizimli rawajlandırıw hám olarda basqarıw iskerligin jetilistiriw, aldıńǵı shet el tájiriybelerin engizgen halda zamanagóy bilim beriw baǵdarlamaların islep shıǵıw, joqarı qánigeli professional kadrlar tayarlawdı jańa basqıshqa kóteriw, sonday-aq pedagogika tarawında bilim, ilim-pán hám ámeliyat úylesimliligin támiyinlew maqsetinde bilim beriw baǵdarlamalarınıń óz ara úylesimliligin hám úzliksizligin támiyinlew maqsetinde mektepke shekemgi, ulıwma bilim beriw, orta arnawlı hám professional bilimde paydalanılatuǵın sabaqlıqlar hám metodikalıq qollanbalardı pedagog kadrlar tayarlawshı joqarı oqıw orınlarına olardıń talapnamasına muwapıq pullıq tiykarında kórsetiw tártibin engiziw. Bilimlendiriw, ilim-pán hám islep shıǵarıw úylesimliligin támiyinlew arqalı bilim sapasın jaqsılaw, básekelesiwshi kadrlar tayarlaw, ilimiy hám innovaciyalıq xızmetti nátiyjeli shólkemlestiriw hámde bul xızmetke tiyisli basqa hújjetlerde belgilengen wazıypalardı ámelge asırıwǵa belgili dárejede xızmet qıladı [2].

Búgingi kúnde bilim mazmunın ózgertirip, onı dúnya bilim standartlarına muwapıqlastırıp aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalarda qollanıwǵa itibar berilmekte. Óz náwbetinde bul oqıtıwshılar tárepinen zamanagóy bilim texnologiyaların bilim ámeliyatında aktiv qollanıwı, rawajlanǵan shet el bilimi ámeliyatında qollanılatuǵın zamanagóy texnologiyalardan xabardar bolıwı ushın birinshi gezekte joybardı jaratıw, talabalar xızmetin boljaw, pedagogikalıq procesti shólkemlestiriw hám onıń nátiyjeli ótiwin támiyinlew, sonday-aq talabalar xızmetin qadaǵalaw sıyaqlı shártler tiykarında támiyinlenedi.

**Usıl hám izertlewler.** Házirgi waqıtta ximiya pánin oqıtıw procesine jańa pedagogikalıq hám xabar kommunikacion texnologiyalardıń jedel pátler menen kirip keliwi nátiyjesinde ximiyalıq bilimlerdi úyreniwde júda úlken jetiskenliklerge erisildi.

**Klaster usılı** pedagogikalıq, didaktikalıq strategiyanıń arnawlı bir túri bolıp, ol oqıwshılarǵa qálegen mashqala (tema) lar jóninde erkin, ashıq oylaw hám pikirlerdi biymálel bayanlaw ushın sharayat jaratılıwma járdem beredi. Usı usıl hár qıylı pikirler ortasındaǵı baylanıslar pikirlew múmkinshiligin beretuǵın dúzilisti anıqlawdı talap etedi. Bul usıl arnawlı bir temanıń oqıwshılar tárepinen tereń hámde puqta ózlestirilgenge shekem pikirlew iskerliginiń bir qálipte bolıwın támiyinlewge xızmet etedi [3].

1-sxema



2-sxema




3-sxema




I A topar elementleri temasın oqıtıwda pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıwda oqıtıwshı sabaq procesi dawamında oqıwshılarǵa berilgen tema tiykarında tolıq maǵlıwmat jetkerip bere alıwı hám oqıwshılar tez ózlestire alıwı hám tema boyınsha túsiniklerin ózlestiriwi lazım.

**Juwmaq.** Házirgi kúnde ulıwma bilim beriw mekteplerinde sabaq barısında interaktiv usıllardan paydalanıw ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp, onı sabaq procesine qollanıw jolları haqqında maǵlıwmatlardı toplaw, onıń ilimiy tiykarın jaratıw hám interaktiv usıllardan paydalanıw metodikasın islep shıǵıw házirgi zaman pedagogikalıq texnologiyasınıń eń áhmiyetli máseleleriniń biri bolıp esaplanadı. Bul wazıypalardı ámelge asırıwda jańa interaktiv hám dástúriy emes pedagogikalıq texnologiyalar júda qol keliwi kópshilik pedagogikalıq tájiriybelerde óz nátiyjelerin tastıyıqlamaqta. Dáslep oqıwshılardan elementler haqqında pikirlerin soraw keyin, sabaqtı bayan etiwde pedagogikalıq texnologiya usılları qollanıladı. Bunda elementlerdiń ashılıw tariyxı, tábiyatta tarqalıwı, alınıwı, fizikalıq-ximiyalıq qásiyetleri hám qollanılıwı izbe-izlikte túsindirilip, sol tártipte oqıwshıǵa jetkerip beriw jaqsı nátiyje beredi.

## Ádebiyatlar

1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2020 йил 12-августдаги «Кимё ва биология йўналишларида узлуксиз таълим сифатини ва илм-фан натижадорлигини ошириш чора-тадбирлари тўғрисида»ги ПҚ-4805-сон қарори.
2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 8-октябрдаги «Ўзбекистон Республикаси Олий таълим тизимини 2030 йилгача ривожлантириш концепциясини тасдиқлаш тўғрисида»ги ПФ-5847-сон Фармони.
3. Avlayev O.U., Jo‘rayeva S.N., Mirzayeva S.P. “Ta’lim metodlari” o‘quv-uslubiy qo‘llanma. –T.: “Navro‘z” 2017.

**REZYUME.** Maqolada kimyo darslarida I A guruh elementlarini o‘qitishda Klaster metodidan foydalanib o‘qitish bo‘yicha keltirilgan. Dars mashg‘ulotlarida bu metod talabalar tomonidan bildirilgan g‘oyalarning majmuasi sifatida ko‘rinadi va talabalarning ijodkorligini va faolligini oshiradi.

**РЕЗЮМЕ**. В статье рассматривается использование метода Кластера при преподавании элементов I A группы на уроках химии. В классной деятельности этот метод рассматривается как совокупность идей, высказываемых учащимися, и повышает творческие способности и активность учащихся.

**SUMMARY.** The article discusses the use of the Cluster method in teaching elements of group I A in chemistry lessons. In class activities, this method is considered as a set of ideas expressed by students and increases students' creativity and activity.

# JASLARDÍ RUWXÍY TÁRBIYALAWDA ShAŃARAQ HÁM MILLIY ÚRP-ÁDET, QÁDIRIYATLARDÍŃ XÍZMETI

**A.Dosxodjaeva** – *úlken oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** ma’naviyat, ijtimoiy, taraqqiyot, oila, shaxs ma’naviyati, maktab, mehnat jamoasi, mahalla, ta’lim, tarbiya.
**Ключевые слова:** духовность, социальный, развитие, семья, духовность личности, школа, трудовой коллектив, махалля, образование, воспитание.
**Key words:** spirituality, social, development, family, individual spirituality, school, work team, neighborhood, education, upbringing.

**Kirisiw.** Adamzat balasında tálim hám tárbiya ómiri dawamında qáliplesip, jetilisip baradı. Tárbiya túrleriniń barlıǵı da insandı kámillikke baǵdarlawshı mazmunǵa iye. Olardan ruwxıy tárbiya belgili áhmiyetke iye. Ruwxıy tárbiya, eń dáslep, ortalıqqa, shańaraqtıń balaǵa beretuǵın tárbiyası menen tikkeley baylanıslı. Hár qanday zamanda,